Мэлыжьыхьым и 12-р Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№40 (24.166) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КIуэкIуэ Казбек IущIащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрийрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ мэлыжьыхьым и 7-м Москва щызэIущIащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ IэнатIэм и лэжьыгъэм къарикIуахэм, зэман гъунэгъум абы зэрызиужьынум теухуа Iуэхуэхэм тепсэлъыхащ.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ щыналъэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIрэ гъэкIыныкIэ Урысей Федерацэм илъэс кIуам бжьыпэр зэрыщиубыдар. Апхуэдэуи республикэм гъавэрэ нартыхуу къыщагъэкIар 2019 гъэм яхуэфIэкIам нэхъ нэхъыбэщ. ЕкъулIэныгъэфIэр щыIэщ Iэщ гъэхъун IэнатIэми: 2020 гъэм нэхъыбэ хъуащ Iэщу, джэдкъэзу ягъэхъыр, шэуэ къашыр. Абы нэмыщI нэкулъхэкIыу, кхъуей лIэужьыгъуэу, дагъэу къыщIагъэкIми хэхъуащ. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ щыналъэм ерыскъыхэкIхэм я уасэм щыкIэлъыплъыным теухуа Iуэхум.

Патрушев Дмитрий къызэрыхигъэщамкIэ, мы илъэсым и япэ мазитIми Къэбэрдей-Балъкъэрым унэтIыныгъэ зыжьанэкIэ хъарзынэу зиужьащ. Къапщтэмэ, лыхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкIымрэ къыхэщIыкIа консервхэр, шэхэкIхэр гъэхьэзырыныжьмкIэ екъулIэныгъэхэр иIащ. Апхуэдэуи зэIущIэм и гугъу щащIащ «Къуажэхэм лъэныкъуэ псомкIи зегъэужьыныр» къэрал программэр гъэзэщIэным, республикэм и мэкъумэш промышленнэ комплексым и продукцэу хамэ къэралхэм щищэм хэгъэхъуэным екъэлIа Iуэхухэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныкIэ мэкъумэшхэкIхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щызэблэгъэкIыныкIэ Iуэхукъ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м *Налшык къалэ* *№68-П-П*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныкIэ мэкъумэшхэкIхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щызэблэгъэкIыныкIэ Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м къыдигъэкIа унафэ №181-ПП-мкIэ къыщIам хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I
МУСУКОВ Алий.

2021 гъэм къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэ поселкэхэм е цIыху мин 50 иримыкъу зыдэс къалэхэм Iэпхъуа медицинэ лэжьакIуэхэм (дохутырхэм, фельдшерхэм, апхуэдэу фельдшер, фельдшер-акушер пунктхэм я акушеркэхэмрэ медсестрахэмрэ) зэрыIыгъуу 2021 гъэм компенсацэ ахъшэ зэрырат Хабзэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м *Налшык къалэ* *№69-ПП*

«Узыншагъэр хъумэным зегъэужьыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм и гуэдзэн №8-м, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къыщта унафэ №1640-м тету къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэ поселкэхэм е цIыху мин 50 иримыкъу зыдэс къалэхэм Iэпхъуа медицинэ лэжьакIуэхэм (дохутырхэм, фельдшерхэм, апхуэдэу фельдшер, фельдшер-акушер пунктхэм я акушеркэхэмрэ медсестрахэмрэ) зэрыIыгъуу 2021 гъэм компенсацэ ахъшэ етын мурадкIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI субсидиехэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм зэрытрагъашэ Хабзэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. 2021 гъэм къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэ поселкэхэм е цIыху мин 50 иримыкъу зыдэс къалэхэм Iэпхъуа медицинэ лэжьакIуэхэм (дохутырхэм, фельдшерхэм, апхуэдэу фельдшер, фельдшер-акушер пунктхэм я акушеркэхэмрэ медсестрахэмрэ) зэрыIыгъуу 2021 гъэм компенсацэ ахъшэ зэрырат щыкIэм теухуауэ мы унафэм щIыгъу Хабзэр къэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий М. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I
МУСУКОВ Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур уней щIынымкIэ 2021 гъэм тещIыхьауэ зыхуэплъэхэмкIэ планым (программэм) зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м *Налшык къалэ* *№70-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур уней щIынымкIэ 2021 гъэм тещIыхьауэ зыхуэплъэхэмкIэ планым (программэм), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур уней щIынымкIэ 2021 гъэм тещIыхьауэ зыхуэплъэхэмкIэ планым (программэм), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа унафэ №157-ПП-мкIэ къыщIам, хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I
МУСУКОВ Алий.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

ГУМЫЗАГЪЭ

Юрий Гагарин хуэотх

ЩIы, гъащIэ уэ къыззэрызэптрэ
Сыхудоплъей мо вагъуэм сэ.
Абы нэсыну гур кьиIэту
ЩIытыпущ, дауи, спытыху псэ.

А вагъуэм сэ сыкъыщалъхуами,
ЩIы-анэ, сыкъыплъэIэсыху,
Пхуэпабгъэу си гур гъащIэр згъакIуэу
Хъунт сымыщIэнкIи сэ гупсэху...

Апрелым и 12, 1961 гъэ

ГЪУЭГУ МАХУЭ

Герман Титов хуэотх

И пшэ пыIэр щхьэрыщэту,
Пхудэплъейуэ Iуащхьэмахуэ,
Уэ ипхьауэ лъапэ махуэ
Уардэу, лъагэу унтщ уэгу щхъуантIэм.

Къыпхуеплъыхьу мэIущащэ,
Мазэ тхъуэплъыр игукIэ гуфIэу:
«Ар къэсынщ си деж мыгувэу,
Къыхилъхьэну си пкъым гъащIэ!»

Уэ щIэх дыдэ къэбгъэзэнщ,
Ещхьыуи укъэтам гъэ минкIэ,
Уи щIэщыгъуэу,
Ди щIы-анэм
Iупэ щIтырыр тепкъуэнщ...

Августым и 6, 1961 гъэ

Гагарин Юрий хъэршым зэрылъэтам теухуа тхыгъэм 2-нэ напэм фыкъыщеджэ.

● Республикэм и губгъуэхэм

Жылэхэр гектар мин 60-м щыхасащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щоужьэрэкI гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм. Илъэс кIуам сэгъуэм щыщIадза зэманым еплъытмэ, мыгъэрейр нэхъ пасэу ирагъэкIуэкI.

КЪЫЗЭРАТАМКIЭ, жылэхэр хагъэзэгъащ гектар мин 59,5-м. Тафэтес щIыналъэхэу Прохладнэм, Майм, Тэрчым нэмыщI, гъатхэсэм щIадзащ республикэм бгылъэ щIыпIэу къыщалъытэхэм я мэкъумэшыщIэхэми.

Бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм щIыгъэпшэрхэр хэлъхьэным теухуа лэжьыгъэхэри и кIэм нагъэсащ, абыхэми гектар мин 60-м щIигу яубыд.

Урысей мэкъумэш центрым и къудамэу КъБР-м щыIэм и Iэщ IагъэлIхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ ящIыгъуу зэпымыууэ къащIыпэ къэкIыгъэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр.

ЗэкIэ къызэратамкIэ, мы гъэм республикэм гъавэр щащIэнущ гектар мин 281-м. Ар блэкIа илъэсым зэрыщытам хуэдиз мэхъу. Республикэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр яубзыхуа пIалъэм къитIасэу щокIуэкI.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Къулъкъужын Ипщэм бжьамийхэр щызэрахъуэкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм я нэхъыбапIэр гугъу нэхъ езыгъэхьэм ящыщщ псыкIэ ирикъуу къызэгъэпэща зэрымихъур. Зэкъым икIи тIэукъым щIыхуэм а гуныкъуэгъуэмкIэ къэрал властым и органхэм зэрызыхуагъэзар. А тхьэусыхафэхэм хэкIыпIэ къахуэгъуэтыным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ щызэфIах мы зэманым республикэм.

АБЫХЭМ ящыщщ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм мы зэманым щрагъэкIуэкI Iуэхухэр - мыбы яужь щихьащ жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэкIыным. Октябрьскэ уэрамым щыпсэу щIыху 240-м зэфэн псыр дяпэкIэ ирикъуу яIэнущ, а лжьыгъэхэр зэфIэкIмэ.

Проектым зэрыщыубзыхуамкIэ, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр далъхьэнущ километри 5,5-м. Мыбдежьми щагъэувынущ псыр зэрагъэкъабзэри, гидрантхэри, щIыхухэм псыр щызэблэу къэмыхъуу яIэрыхьэн папщIэ къагъэсэбэп нэгъуэщI Iэмэпсымэхэри. Ухуэныгъэм трагъэкIуэдэну хухахащ сом мелуан 15-м щIигъу.

Ухуэныгъэхэр зэфIагъэкIыну я мурадщ дыззрыт илъэсым и бадзэуэгъуэм къриубыдэу. Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр.

ЦIыхухэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа мы лэжьыгъэхэр нэхъ пасэу хагъэхьауэ щытащ «ЩIыуэпс» лъэпкъ проектым.

Я нэгу щIэкI зэхъуэкIыныгъэхэм къуажэдэсхэр зэрыщыгуфIыкIым шэч хэлъкъым, лейуэ ущIыпсэлъыхьыни щыIэкъым псым ди гъащIэм щиубыд увыпIэм.

ТЕМЫР Къан.

ЛIэщIыгъуитIым зи лъэужь къытена цIыхуищэ

● Тхылъыщ IэкIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тедзапIэм къыщыдагъэкI тхылъхэм махуэ къэс жьыхуаIэм хуэдэу дытопсэлъыхь. Апхуэдэ щхьэусыгъуэ щIэх-щIэхыу къыдэзыт Iуэхущ IапIэ зэрыдиIэр езы щIыналъэр щIэныгъэм пщIэ щыхуащ щIыпIэу зэрыщытым и щыхьэтщ. Мис, аргуэру Виктор езым и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъыщIэкIэ дегъэгуфIэ: XX - XXI лIэщIыгъуэхэм лъэужьыфI къыхэзына, республикэм фIыуэ щалъэгъуа цIыху пэрытхэм я гъащIэ гъэзгум зэгъусэу дриплъэжьыну дрегъэблагъэ.

ДУНЕЙМ щыпсэуа цIыху къэс къызэринэкIын уней къыщIэкIынщ апхуэдэ тхылъ. Уи егъэджакIуэхэр, жьыжьэу фIэкIа умыщIыхуа цIыху цIэрыIуэхэр, уи цIыкIугъуэм щегъэжьауэ балигъ ухъуху щапхъэу уиIа, зи псалъэ ущIэдэIуа нэхъыжьхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ я цIэ къыщIипIуэ, фIыщIэкIэ гъэнщIа гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса тхылъ. Хэт ищIэрэ, илъэс блэкIам бжьгъэшэу фIыуэ тлъагъуэр тIэщIэзыха уэ бзаджэм игу къыгъэкIа ар тхакIуэм? Сыт имыщхьэусыгъуами, Котляров Виктор и къалэмыр зытригъэпсам техуащ икIи тхыдэм къыхэнэну зыхуэфащэ цIыху куэд нэгум къыщигъэщIэрэщIэжащ.

Хэт и гуапэу кIэлъымыплъыжьынур зи егъэджэгъуэ сыхьэхэр опектакль щIэщыгъуэм ещхьу ихуэрэ, уэрамым тет тетIысхьэпIэм къыбдытесым ещхьу узыIэпишэу, и лекцэхэр езыгъэкIуэкIыу щыта Сокъур Мусэрбий? Университет кIуэцIым литературэм и дуней щхьэхуэ щызыхуха, тхылъым пщимыгъэпсынщIэфын гуныкъуэгъуэрэ къыбдимыгуэшын насып лIэужьыгъуэрэ зэрыщымыIэр и бзэ кIуэлеймкIэ уи фIэщ зыщIыфу щыта Смирновэ Наталье? Зи губзыгъагъым хуэдиз зи тэмакъкIыхьагъ Щэрдан Iэбу? Бзэм тебгъэпсэлъыхь закъуэмэ, нэгъуэщI зыри хуэмейуэ къыпфIэщIу щыта Балъкъэр Борис сымэ?

Тхылъым ихуащ Къардэнгуащ Зырамыку, Темыркъан Юрий, Зумакулов Танзиля, Кулиев Къайсын, КIуэкIуэ Валерэ, Къэшэж Иннэ, нэгъуэщI куэдым ятеухуа тхыгъэхэр. Ауэ гъэщIэгъуэну Виктор и гупыжым хэлъыр псэухэмрэ дунейм ехьжахэмрэ, куэд щIауэ дымыIэжхэмрэ дыгъуасэ хуэдэм тфIэкIуэдахэмрэ зы тхылъым зэрыщызэхуигъаазэщ. «ГъащIэр напIэзыпIэщ, ухуэмыбгъэрыгъ», - жиIэ хуэдэщ тхакIуэм. Аращ дэтхэнэ зыми фIыкIэ игу илъ и лъахэгъу, ар адыгэ, балъкъэр, урыс е журт ирехъу, мыбы зэрихуар щIэмыгъэщIэгъуэныр.

Мы тхылъым гулъытэ щигъуэтащ ди лъэпкъ газетми.

«Адыгэ псалъэр» хъыбарегъащIэ къудей мыхъуу, - щетх Виктор ХьэфIыщIэ Мухьэмэд хухиха напэкIуэцIхэм, - узэщIакIуэ, егъэджакIуэ хъуащ. Хэкум и географиемрэ и тхыдэмкIэ, и бзэмрэ и литературэмкIэ егъэджакIуэ, щхьэусыгъуэ куэдым къыхэкIыу иджыри къэс газетеджэм деж гъуэгу хупхызымышыфа тхыгъэхэр къыщытрадзэ къыдэкIыгъуэ. НапэкIуэцI псохэр бзылъхугъэхэм, диным, щIалэгъуалэм, литературэм, сабийхэм яхуэхъарэ, республикэм щызэкIуэ псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ уэзыгъэцIыху географием деж щичыхьку.

«Газет кIуэцIым итыж газет», - хужиIэфынущ абы, - пещэ Котляровым. - И нэкIубгъуэхэм кууэ, нэфIней хэмылъу, лъэныкъуэ псомкIи къеплъурэ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм щатепсэлъыхькIэ, а щыIэхэм фIыкIэ зи цIэ щыIуахэр щыуигъэцIыхукIэ, бжьгъэшхуэкIэ уи пащхьэ кърилъхьэ сурэтхэмкIэ укъыщигъэуIэбжькIэ. Тхыдэм епха махуэшхуэхэм яхухэха, напэкIуэцI зыбжанэ хъу газетыр республикэм и щэнхабзэм щхьэхуэу хэувауэ пхужыIэнущ. Нобэрей «Адыгэ псалъэр» Кавказ Ищхьэрэм къыщыдэкI газетыфIэм яз къудейкъым, я нэхъыфI дыдэщ. Лъэпкъ гупсысэкIэм, цIыхубэ узэщIныгъэм а газетым хэлъхьэныгъэ хуищIам и гугъу пщIымэ, ар уасэ зыхуумыгъэувыфын гуэрщ».

ЧЭРИМ Марианнэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гуп ТIощIрэ ещанэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Черноморец» (Новороссийск)
Налшык. «Спартак» стадион.
Мэлыжьыхьым и 10.
Сыхьэт 16-м.

«Планетэ жыжьэхэм сылъэтэфатэмэ»...

Илъэс 60 ипэкІэ цІыхум хъехъулІэщ дунейм къызэрытехъуэрэ иІа хъуэпсапІэр

Ар абы и гугъапІэу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ усакІуэшхэр Щоджэнцыкі Алий и псалъэхэу мы ди тхыгъэ цІыхум фІэтщари. Зэман дэкІами, дэ, нэхъыжьхъэ, фІыуэ дощІэж а махуэр. 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м и шэджагъуэм, еджэныр зэпыдагъэгъэури, шоколакІуэхэр дыщыізэхуашэсат пионерхэм я пэшым. Абдеж диктор цІэрыІуэ Левитан Юрий и макъ ІъэщІэр радиом къыІуКІыну къыщытщІащ СССР-м и цІыху Гагарин Юрий тхыдэм щыяпэу хъэршым (космосым) зэрыльэтар. Дауи, дэ къыдгурыІуащэртэкъым къэхъуам и мыхьэнэр, ауэ дыкъэзыухъурейхэр егъэлеяуэ зэрыгуфІэр щытлъагъуКІэ шэч къытетхъэртэкъым ар къызэрымыкІуэу Іэхъушхэу зэрыщытым. Аращ дигу къыщІинари.

ИДЖЫ хъэршым цІыху кІуэнри щылэжьэнри зэсэжа Іуэху хъуащ, зыми фІэгъэщІэгъуэныжькъым, ауэ а япэ лъэбакъуэр икъусыкъужкІэ гугъуу, тегушхуэгъуейуэ щытащ. А псори зи нэгу щІэкІахэр тегъэщІапІэ тщІыурэ мыкІыхьыщэу къытедгъэзэжынщ Іуэхур зэрекІуэкІам.

Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь Волынов Борис и закъуэщ 1960 гъэм гъатхэпэм и 7-м Москва щызэхуашэса япэ космонавт гупым щыщу псэужыр. Абы игу къегъэкІыж: «Кхъухьлъатэзехуэ ныбжьыщІэхэм къыщІыдзджар къыждкІэрпэщІ. ТехникэщІэ дагъэгъэунэхуну я мураду хъэдгъэфащэрт. Ауэ абы и пІэкІэ лекцэхэм драгъэдалуэу щІадзащ гум и лэжьакІэм, лъым и зекІуэкІэм теухуауэ. СыткІэ дыхуей? - дызэупщІыжырт. ИтІанэ къыджаІащ парашютым дыхуэмылэзэу мыхъуну. Абыхэ дыкъелъэфын хуейт сыт хуэдэ щытыкІэми диту. Арати, гупыр Саратов и гъунэгъу Энгельс кьалэм и Іэшэлъашэм дыкъыщыхутащ. Абы щыгъэщІэнэхъ дыщыізэрыщІыхуар. Сэ си гъусэт Гагариныр, Титовыр, Поповскэр».

Волыновым псом хуэмыдэу къыхегъэщхьэхукІ космонавт хъунухэр гъэунэхуныгъэ хьэлъэ дыдэхэм зэрыпхыкІар. ЦентрифугэкІэ ягъэджэрэзэырт. Мыпхуэдэхэм деж цІыхур хуэди 10-12-кІэ нэхъ хьэлъэ мэхъу, я Іэхэр яхуэгъэхъеижьыртэкъым, я напІэхэр яхудэхьеижьыртэкъым. «Дэ дызыхуагъэхьэзырыр наІуэ къэхъуа иужь, къэсщІащ сэ хьэршым япэу сызэрамыгъэлъэтэнур. Си лъагагъэр сантиметри 172-рэ хъурт - къаГъэув пщалъэм сантиметрИ щІигъурт. Хуабжьу си жагъуэ хъуат, - пещэ Волыновым. - Я инагъкІи узыншагъэкІи езэгъыу цІыхуи 6 кьыхахащ. Титов Герман и кІэн нэхъ къикІыи хуэдэт, ауэ и цІэр зэран къыхуэхъуауэ къыщІэкІынущ. Урысыбзэмрэ литературэмкІэ езыгъаджэ и адэм Пушкин Александр и «Пиковая дама»-м и лІыхъужьым и цІэр къызэрыфІищар зыми къыльыэнутэкъым. ИтІанэ псоми къыдгурыІуащ конструктор нэхъыщхьэ Королёв Сергей апэ космонавту Гагарин Юрий илъагуну зэрыхуейр: абы и иэпІэ нэхъ тригъэтт. Ёзы Юри хуабжьу цІыху гуапэт, зэпсалъэ псори къыдишэхыу. Зэрыльэтэну кхъухьар щызэпкъраЛхьэ цехым щІэт лэжьакІуэхэми, академик цІэрыІуэхэми бзэ къахуигъэтырт. Гагариным фІэфІт цІыхухэм ядэІэпыкъун».

Арщхьэкіэ, жэуап псори и пщэ дэлъми, Королёв Сергей и фІэфІныгъэ закъуэкІэ Іэхур зэфІэкІыртэкъым. ИкІэм-икІэжьм а Іэхъум унафэ тезыщІыхьынур Къэрал комиссэрт. Мэлыжьыхьым и 8-м ирагъэкІуэкІа зэІущІэм щыжаІащ Гагарин Юрий къызэрыхахар. Ар зыгуэркІэ хуэмыхъумэ, Титов Герман абы и пІэкІэ лъэтэнут.

ЕпІэщІэкІыни хуейт. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хьэршым кІуэну зыщигъэхьэзырырт Шепард Алан. Ар щылъэтэну пІалъэр тхьэмахуэ зыбжанэкІэ ягъэзапхуат, арщхьэкІэ мэлыжьыхь мазэм фІэкІынутэкъым. Мыбдежым зэуэ щыжьІІэнщи, США-м и унафэщІхэм хуабжьу я жагъуэ хъуащ Совет Союзыр япэ зэрищар. Президент Кеннеди Джон еджагъэшхуэхэр зэхуигъэсри еупІащ: «Сыт хуэдэ жэуап еттыфыну урысхэм?» «Абы щхьэкІэ Мазэм цІыху дгъэлъэтэн хуейш», - къыжраІаш. ИкІи агъэльэтэщ, ауэ зыкъомкІэ нэхъ иужьу.

ИкІи, мис, къэсащ мэлыжьыхьым и 12-р. А махуэм ЩІы хьэрейм и цІыхухэм зэхахащ кхъухьар щаутІыпщым Гагарин Юрий къыжьдэкІа «Поехали!» псалъэр. Иджы абы пІанДэрэ а псалъэр жалэ хьэршым кІуэну гъуэгу теувэ космонавт псоми.

ЦІыхур зыльэІэса и ехъулІэныгъэшхуэм къыкІэлъыкІуащ нэгъуэщІхэри. Абыхэм ящыщ зыкъомыр зейр Совет Союзырщ: псалъэм и хьэтыкІэ, дунейм щыяпэ щыхуЗ космонавтыр Терешковэ Валентинэщ, кхъухьым иКІыу космос зэІухам хьыхьар Леонов Алексейщ, ди къэралым и космонавтхэм зэпымыууэ рекордхэр ягъэув хьэршым зэрыщылажьэ зэманым и кІыхьагъымкІэ. А псори зриКІуар Гагарин Юрий пхиша лъагъуэ угъурлырщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди къэралым уэгу жьыжьэр къэгъэІурыщІэн и лъэныкъуэкІэ хуэзфІэкІахэм дэ дытопсэлъыхь, блэкІа зэманымкІэ зыдгъаззэурэ. Совет Союзыр зыльэпсэжа иужь абы и пІэ иува Урысейм мыбдеж щыІэщІэкІащ пэрыт увыпІэр. Ар щхьэусыгъуэ зыкъомым кхъухьКІ: хьэршыр къэхутэным мылъкуу трагъэкІуадэр нэхъ мащІэ мэхъу, хуащІ гулъытэри йохуэх. Нэхъыщхьэращи, Королёв Сергей хуэдэ еджагъэшхуэ щІэджащэхэр икІи ерыщхэр щыІэжкъым. Абыи Гагаринми шэч гуэри кьытрахьэртэкъым ди цІыхухэр Мазэми Марсми мыгувэу зэрыльэтэнум. АрщхьэкІэ нобэр къыздэсым ди къэралыр тІуми лъэІэсакъым. Пэжщ, Мазэр къэгъэІурыщІэным теухуа программэ зэхалъхьащ, ауэ ар ягъэзэщІыкІ ихьауэ тпъагъуркъым. Дыдэрыт лІэщІыгъуэм и зэхуэдитІым цІыхум и лъэр Марсым нэсыну къыщІэкІынущ. Дыщыгугъынщ Урысейри къыкІэрымыхуну.

Зэкіэ ди гур догъэфІ УФ-р хьэршыр къэзыгъэІурыщІэ къэрал пашэхэм ящыщу къызэрынэжьмкІэ. Абы и щыхьэтщ Урысеймрэ США-мрэ космосым щызэдзэжьынэм теухуауэ яку дэлъ зэгурыІуэныгъэм къару щиІэну пІалъэр 2030 гъэ пщІондэ зэрагъэІэпхъуар.

2021 гъэр Гагариным и илъэсу ягъэуващ. А цІыху гъуэзджэм и фэеплъыр илъэсхэм я мызакъуэу, лІэщІыгъуэ куэдми зэкІуэдэжьнукъым.

ШАЛ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэм» и обозреватель

● ФІыщІэ

ЛэжьакІуэ емызэшыжхэр

Сымаджэм и узыншагъэр зэфІэзыгъэувэж, абы гукъыдэж езыгъыжьф дохутырхэм сыт хуэдэ фІыщІэри псалъэ гуапэри яхуэфащэщ. Зи узыншагъэкІэ гуныкъуэгуэу зэгуэр зиІа дэтхэнэри абыкІэ, шэч хэмылъу, акъылэгъу къыздэхъунущ.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ» газетыр къэзгъэсэбэпу фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт СПИД-мрэ узыфІэ зэрыщІалэхэмрэ защыхъумэнымкІэ, абыхэм ялэщІэтыныжьмкІэ республикэ центрым щылэжьа госпиталым и лэжьакІуэ гупым. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщІыну сыхуейт къудамэм и унафэщІ ТІэш Джульеттэ, дохутырхэу Биногеровэ Маринэ, Кутаховэ Наталье сымэ.

Лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр куэдкІэ зелъыта ТІэш Джульеттэ щапхъэ зытрах унафэщІым хуэдэщ. Абы и нэІэм щІэт къудамэм Іэхур хъарзынэу щызэтеублауэ ЙокІуэкІ. Джульеттэ зи лэжьыгъэр фІыуэ зыльэгъу, зи Іэщ1агъэм нэсу хэзыщІыкІ дохутырщ. Псалъэ гуапэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыІуэ, цІыхугъэшхуэ зыхэлъ бзылъхугъэм дэтхэнэ сымаджэми и щытыкІэм зыщигъэгъуазэрт, я узыншагъэр зэрефІэкІуэжьнымкІэ гугъэ яритыжьырыпрт.

Дохутырэху Биногеровэ Маринэрэ Кутаховэ Натальерэ лэжьыгъэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэр сымыгъэщІэгъуэн сльэкІыртэкъым: ахэр зэІэзэхэм гуапэу яхущытщ, я гулъытэр псоми лъагъэс, уи Іэхэур зыІутым гупсэхуу кьедзэІуэнурэ яхуэзэфІэкІыр къыпхущІэнущ. Езыхэр цІыху гумащІэхэщ, гущІэгъу зыхэлъхэщ, я Іэзагъкіи дзбгъуэн щымыІэу Іэщ1агъэлІ нэсхэщ.

Псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ сымаджэщым сызэрыщІэлъа зэманым къриубыдэу гугъу зыкъыздезыгъэхьа дэтхэнэмэи. Апхуэдэхэщ медсестрахэу Кьардэн Дж., Бахъсэн Ж., Хьэмырзэ А., Дзыхьмыщ1 Ф., Хьэгъэжей Л., Хьэмырзэ А., санитархэу Маргъущ М., Ныр Р., Абаз1э Л., Мер Ф., Кьамбий А. сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэми зыпэрыт Іэхур жэуапыныгъэшхуэ хэлъу егъэзащІэ, жыпІэнурамэ, лэжьакІуэ емызэшхэщ.

Гуп дахэм сохъуэхъу зыпэрыт Іэнатіэм и хъер ялъагъуу, узыншагъэ, гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ яІэу я ґъащІэр ирахьэкІыну.

ТЫГЪУЭН Назир.
Лашынкъэй къуажэ

● Ветеринарие

Еужьэрэкіыным къыхураджэ

Республикэм и къэрал ветеринар къулыкъум мы лъэхъэнэм щІэгъэхуэбжьауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ящыщ уней, къэрал хозяйствэхэм я Іэщым я узыншагъэм щыгъуазэ зыщыхуащІ, щеІэзэ профилактикэ Іуэхугъуэхэр.КъыхэгъэщІыпхъэщ, зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэр абы папщІэ зыхуеину хущІхъуэхэлъхьэхэмкІэ мычэму кьыІэзрызэгъэпэщари.

ДЫЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬ лэжьыгъэр япэщІыкІэ зыдрагъэкІуэкІыр хозяйствэхэм ящыщу зи Іэщыр (мэлыр, щыгъуэ) гъэмахуэ хъуПІэхэм дзэзыхунухэращ.

Ветеринар къулыкъум щылажьэхэм мы лъэхъэнэм зэхагъэкІ Іэщыщхуэхэм ящыщу бруцеллёзэрэ жьэн узрэ зэфыкІхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр. Мыдрейхэм, а узыфитІыр къемыуэлІэным хуэгъэзауэ, зыхуеину мастэхэр: япэрейр кьапкърымыхьэнымкІэ - Іэщыщхуэзу мин 28-м нэблагъэм, етІуанэм пэщІэуэзу - мин 60-м щІигъум халъхьащ.

Абы къыдэкІуэуи, мастэхэр хаІуащ: сэрмэлыч узыфэм пэщІэтын папщІэ, Іэщыщхуэхэм ящыщу бруцеллёзэрэ жьэн узрэ зэфыкІхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр. Мыдрейхэм, а узыфитІыр къемыуэлІэным хуэгъэзауэ, зыхуеину мастэхэр: япэрейр кьапкърымыхьэнымкІэ - Іэщыщхуэзу мин 28-м нэблагъэм, етІуанэм пэщІэуэзу - мин 60-м щІигъум халъхьащ.

КьишьнэмкІыщІауэ, фІэрэкІ узым пэуэ хущхъуэхэр ирахьэлІащ мэлхэм ящыщу мин 12-м щІигъум. ДэщІыгъуэныгъэ-хъэщ, ЭМКАР узыфэм кьезыгъэл мастэхэр Іэщыщхуэхэм ящыщу мин 14-м нэблагъэм зэрыхалъхьари.

Республикэм и ветеринар къулыкъум, зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ зэрыригъэкІуэкІыжьыр зэрыгурыІуэгъэ мы щІэныгъэхэм ящыщу мин 12-м щІигъум. ДэщІыгъуэныгъэ-хъэщ, ЭМКАР узыфэм кьезыгъэл мастэхэр Іэщыщхуэхэм ящыщу мин 14-м нэблагъэм зэрыхалъхьари.

Республикэм и ветеринар къулыкъум, зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ зэрыригъэкІуэкІыжьыр зэрыгурыІуэгъэ мы щІэныгъэхэм я ящыщ1у мин 29-м нызэрыхьэсым, мэлрэ бжэну мин 20-м щІигъум, щыхэу миным нэблагъэм; бруцеллёзэм хуэгъэзауэ - Іэщыщхуэу мин 18-м щІигъум, мэлрэ бжэну мини 2-м нэблагъэм, Іэлыгъэр кьапкърымыхьэнымкІэ - Іэщыщхуэу - мин 52-м щІигъум.

КьишьнэмкІыщІауэ, фІэрэкІ узым пэуэ хущхъуэхэр ящыщу мин 12-м щІигъум. ДэщІыгъуэныгъэ-хъэщ, ЭМКАР узыфэм кьезыгъэл мастэхэр Іэщыщхуэхэм ящыщу мин 14-м нэблагъэм зэрыхалъхьари.

Республикэм и ветеринар къулыкъум, зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ зэрыригъэкІуэкІыжьыр зэрыгурыІуэгъэ мы щІэныгъэхэм ящыщу мин 12-м щІигъум. ДэщІыгъуэныгъэ-хъэщ, ЭМКАР узыфэм кьезыгъэл мастэхэр Іэщыщхуэхэм ящыщу мин 14-м нэблагъэм зэрыхалъхьари.

Республикэм и ветеринар къулыкъум, зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ зэрыригъэкІуэкІыжьыр зэрыгурыІуэгъэ мы щІэныгъэхэм я ящыщу мин 12-м щІигъум. ДэщІыгъуэныгъэ-хъэщ, ЭМКАР узыфэм кьезыгъэл мастэхэр Іэщыщхуэхэм ящыщу мин 14-м нэблагъэм зэрыхалъхьари.

● Самбэ

Дунейпсо кубокыр Къамбий Аслъэн зыІэрегъэхьэ

Самбэмкіэ Дунейпсо кубокыр зыІэрыгъэхьэным теухуауэ «Харлампиевым и мемориал» зэзэхэхуэ Мэзкуу щекІуэкІащ. Абы текІуэныгъэ дахэ къыщиухьащ Къамбий Аслъэн.

КИЛОГРАММ 98-м щІигъу зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм абы къыщІэпхъэщІэн къыхэкІаХьэм. КІэух зэІущІэм ди лъахэгъум щыхигъэщІащ Узбекистанэм къикІа Хусаинов Хуснидин.

Нэхъапэжкіэ Къамбий Аслъэн къыщыхэжаныкІащ Урысей Федерацэм самбэмкІэ и чемпионатым. Гъатхэпэм и кІэухым щыІа а зэхьэзэхуэм хэтащ ди къэралым и щІыпІэ 70-м къикІа бэнакІуэ 600-м нэблагъэ. Мэзкуу и щІыхьыр зыхъумэ адыгэ щІалэм домбекэкъ медалыр щызыІэригъэхьащ килограмми 100-м щІигъу зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм.

МЭЗКУУ Къанщокий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыІэ **Дышэкі Мадинэ Руслан и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **ДышэкІ Нинэ Мухьэз и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и Унафэщі **Фочышіэ Наталье Хьэсэн** и пхъум хуогузавэ абы и дэлъху **Къэжэр Артур Хьэсэн и къуэр** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 10, *щэбэт*

♦ Фашизмэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ. Илъэс къэс мэлыжьыхьым и 10-м дунейм и щІыпІэ куэдым ягу къыщІагъэкІыж ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым Ещанэ рейхым и дзэхэм яубыда къэралхэм исхэм ящыщу фашизмэм ебэнурэ хэкІуэдажэр.

♦ Зэдзэлъхуэзэшыпхъуэхэм я махуэщ

♦ Азербайджаным щагъэлъапІэ Іухуакіуэм и махуэр

♦ 1925 гъэм Гарицынэ къалэм и цІэр Сталинград ЖИЗу зэрахъуэкІащ. 1961 гъэм абы Волгоград фІащащ.

♦ 1944 гъэм Одессэ къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦ 1945 гъэм Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

♦ 1964 гъэм «КъБР-м и цІыхубз усакІуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыІахь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щыІахь зиІэ и ухуакІуэ» щІэ лъапІэхэр ягъэуващ.

♦ 1981 гъэм Москва къыщыізэІуахащ Космонавтикэм и музей.

♦ 2010 гъэм Смоленск деж къыщІехуэхащ Ту-154 кхъухьлъатэр. Абы иса цІыху 96-р хэкІуэдащ, Польшэм и президент Качинський Лехи яхэту.

♦ Америкэм щыщ журналист, а Іэщ1агъэм ирилажьэрэ я Іэдакъэщ1экІ нэхъыфІхэм папщІэ ират саугъэтыр зыгъэувауэ щыта **Пулитцер Джозеф** къызэралъхурэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦ Ямэ адыгэ бзэщІэныгъэлІ **Іэщ1ыкъмахуэ Даут** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦ СССР-м и цІыхубз артист, дирижёр цІэрыІуэу щыта **Силантьев Юрий** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦ Совет тхакІуэ, журналист, фильм зыбжанэм я сценарийхэр зытха **Липатов Виль** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦ Совет усакІуэ цІэрыІуэ, УФ-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ахмадулинэ Бэллэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦ СССР-м щІыхь зиІэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щІыхь зиІэ и Іэжьакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и энергетик **Хьэмыкъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦ Урысей къэрал къулыкъущІэ, политик, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Явлинский Григорий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦ Америкэм щыщ актёр щІэрыІуэ, айкидо спорт лІэужьыгъуэм и мастер, Урысейм и МИД-м ди къэралымрэ США-мрэ гуманитар зэпыщІэныгъэхэмкІэ и лІыкІуэ хэхауэ 2018 гъэм ягъэува **Сигал Стивен** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу. 2016 гъэ лъандэрэ ар УФ-м и щІыхущ.

♦ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Дау Марьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ Радиожурналист **Гъурф Бэллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 11, *тхьэмахуэ*

♦ Фашист гъэрыпІэм исахэр хуит къызэращІыжам и дунейпсо махуэщ.

♦ 1945 гъэм гъатхэпэм и 11-м къызэрыІэтауэ щытащ нэмыцэ лагерь нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Бухенвальд (Германием и Веймар къалэм пэмыжьыжьу щащІауэ щытащ) исхэр.

♦ Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ. А узыфэр къэзыхута дохутыр Паркинсон Джеймс къыщалъхуа махуэм (1755 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м) техуэу ягъэуващ 1997 гъэм.

♦ Къырым Республикэм и Конституцэм и махуэщ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м Къырым Республикэм и Къэрал Совет ыкІащтащ.

♦ 1147 гъэм ятэ дыдэу къагъэсэбэпауэ щытащ «Москва» псалъэр.

♦ 1803 гъэм Франджым нэгъуэщІ къэрал Іэухуэмкіэ и министр Талейран Шарль жэрдэм къыхилъхьащ я Луизианэ щІыналъэр зэрыщыту США-м и иращэным теухуауэ.

♦ 1857 гъэм император Александр ЕтІуанэм Урысейм и Къэрал гербыр - щхьитІ зыфІэт бгъэр зыхэщІыхьар - къэщтэным теуха унафэ ищІащ.

♦ 1909 гъэм кьалэщІэм, зы илъэс дэкІмэ, Тель-Авив зыфІащыпм, и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦ 1919 гъэм ЛъэпкъыгъэмкІэ Лигэм егъэщІылІауэ къызэрагъэпэщащ Лэжьыгъэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦ 1927 гъэм лэжьакІуэхэм, мэкъумэшышІэхэм, сэлэтхэм я Белоруссиепсо VIII съездым къыщащтащ Республикэм и Конституцэр.

♦ 1944 гъэм Керчь къалэр фашистдзэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦ 2008 гъэм Вашингтон (США) къыщызэІуахащ Журналистикэмрэ къыбарыщІэхэмрэ я музей.

♦ Адыгей тхьибзэр зэхэзылъхьа **БеІкІухъу Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦ Совет циркым и артист, илюзионист цІэрыІуэу щыта **Кио Эмиль** (и унэцІэ дыдэр **Гиршфельдщ**) къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦ Сорбоннэ (Франджы) дэт университетыр къэзыуха, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Батокъуэ Нияз** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦ СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым и ЛІыхъужь, Адыгеим и Тохьутэмыкъуей щІыналъэм хьыхэ Енем къуажэм къыщалъхуа **Березовой Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦ Совет футболист, спортым и мастер, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер **Ярцев Георгий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦ Актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Гаркалин Валерий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦ Налшык кьалэм къыщалъхуа уэрэджэкІакІуэ цІэрыІуэ, КъБР-мрэ Ингушымрэ я цІыхубз артист, КъШР-м щІыхь зиІэ и артист **Амирамов Ефрем** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦ Адыгэ уэрэджэкІакІуэ **Аслъэн Іэсият** къыщалъхуа махуэщ

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 7 - 8 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 12, *блыщхьэ*

♦ ЦІыхум хъэршым япэу лъагъуэ щыхиша дунейпсо махуэу ООН-м игъуващ

♦ Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ. 1961 гъэм Гагарин Юрий «Байконур» щаутІыпща «Восток» кхъухьми ису дунейм щыяпэу хъэршым къэтащ.

♦ Урысеймрэ Белоруссиемрэ щагъэлъапІэ ПВО дзэхэм я махуэр

♦ Къэзахъстаным ЩІэныгъэм и лэжьакІуэхэм я махуэр щагъэлъапІэ

♦ 1606 гъэм Инджылызым и пащтыхь Яков Езанэм Инджылызымрэ Шотландиемрэ я къэрал ныпыр къэщтэным теуха унафэ ищІащ. Иджы ар Великобританием и къэрал бэракъщ.

♦ 1633 гъэм Италием щыщ астроном, физик Галилей Галилео и судыр Рим кьалэм ящІэн щыщІадзащ. Илъэс 70 хьуа щІэныгъэлІыр ягъэкъуанщэрт Коперник Николай и Іуэху еплъыкІэхэр, Дыгъэм и хъуреягъыр Щым зы илъэсым къриубыдэу къызэрикІуахьэм теухуахэр, зэрыдиІыгъамкІэ.

♦ 1861 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр ЕтІуанэм унафэ къыдигъэкІащ лэжьакІуэхэм папщІэ сымаджэщ Санкт-Петербург къыщыізэІухьынымэ теухуауэ.

♦ 1861 гъэм США-м Граждан зауэм, «Ищхъэрэмэр» Ипщэмрэ яку къыдэхъуэ зауэ» зыфІащам, щыщІидзащ.

♦ 1919 гъэм Совет Урысейм коммунистхэм я ятІонэрэ щІыхьэху щыдгъэкІуэкІащ - Москва-Сортировочная станцым мафІэгуищ щызэрагъэпэщыжауэ щытащ а махуэм.

♦ 1943 гъэм Франджым «Нант» футбол клубыр къыщыізэрагъэпэщащ.

♦ 1985 гъэм Горький кьалэм дзэ заводым «Волга» ГАЗ-24 автомобиль лІэужьыгъуэм хуэдэу къыщыщІагъэкІар зы мелуан ирикъуащ.

♦ Пьесэ щэ ныкъуэм щІигъу зи Іэдакъэм къыщІэкІа драматург цІэрыІуэ, Петербург щІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспондент щыта, Урыс театрыр зэфІэувэным хэлъэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Островский Александр** къызэралъхурэ илъэси 198-рэ ирокъу.

♦ Урысей империем и Министрхэм я Советым и иужьрей унафэщІу щыта **Голицын Николай** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦ Урыс революционер, Ленин Владимир и къуэш нэхъыжь **Ульянов Александр** къызэралъхурэ илъэси 155-рэ ирокъу.

♦ Актёр, СССР-м и цІыхубз артист, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Копелян Ефим** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦ Публицист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІымахъу Жылэбий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦ Совет усакІуэ-уэрэдыс, дунейпсо зэпеуэ куэдым я лауреат **Дербенёв Леонид** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦ Испаниием щыщ оперэ уэрэджэкІакІуэ цІэрыІуэ, къэрал куэдым я дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща **Кабалье Монсеррат** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦ Тхакіуэ, публицист **Къущхьэунэ Алексей** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦ Эстрадэм и актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Гальцев Юрий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦ УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 2004 гъэм Афины щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм чемпион щыхъуа, Урысейм а спорт лІэужьыгъуэмкІэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ **Борзаковский Юрий** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гу нэхъ жэр щыІэкъым.

Адыгэ щIэблэр зауэлI IэщIагъэхэм хуагъасэу зэрыщытар

● Тхыдэ

Кокиев Георгий (1896 - 1955) Кавказми Урысейми фIыуэ щацIыху осетин тхыдэдж къудейкъым, бгырыс республикэхэм щыпсэуухэм ящыщ ялэ тхыдэ щIэныгъэлIщ, профессорщ.

Хэлъэт зиIэ дэтхэнэ цIыху къыдэрыимыкIуами ешхыу, Кокиеви IэщIэкIакъым «лъэпкъым и бийхэр» зыгъэкIуэд жаншэрхъым. «Совет гъащIэр зэтрикъутэну» пабгъэ хуэдэу нэщIыбагъкIэ кIэщIэтхъыхэри, щIэныгъэлIыр лъэхъуэщым ирадзауэ щытащ, и псэр щыхэкIари гъэрыпIэрщ. Къэралыгъуэм и ней къыщыхуа нэужь, абы и лэжьыгъэхэр тхылъ хъумапIэхэм къыщIахьжауэ щытащ.

ГуваｰщIэхами пэжыр зэрытекIуэ хабзэм тету, щIэныгъэлIым енакъуэхъуахэр щыпсыгъ щIэкIуэдэжри, езым и цIэ лъапIэр лъагэу яIэтыжащ.

Нобэ ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ пасэрей адыгэхэм я щIэблэр зэрагъасэу щыта щыкIэм Кокиевыр щытепсэлъыхь и тхыгъэр.

Адыгэжьхэм я шыфэлIыфэр

Iуэзэ-Хьэфыщ!э Iуфэм деж щыпсэуа лъэпкъ гупым яуу къальытэ, тхыдэкIэ пасэрей синд-кэркэт-зыхьэхэм ирапх адыгэхэр я зэуэкIэ IэзагъымкIэ, зэрахьэ хабзэмкIэ щIэрыIуэт.

Пасэрей тхыдэдж, Дамаск щыщ Николай *(ди лъэхъэнэм ипэ I лIэщIыгъуэм псэуащ)* къэбэрдей-шэрджэсхэм я адэжьхэм я щынфIагъыр здынэсу щытар кьиГъольэгъуэн папщIэ, етх: «Кэркэтхэм щIэпхъаджагъэ гуэр зыIэщIэщIар тхъэльэIуIэм бгъэдагъэхьэрэтэкъым». Зи цIэр тхыдэм имыхъунма нэгъуэщI зы тхакIуэми *(Шэимыдуэ Арриан - ди лъэхъэнэм итэкIэ V лIэщIыгъуэ)* щыхьэту коув: «Кэркэтхэр захуагъэм тет лъэпкъ щэныфIэщ».

Нэхъ убгуауэ адыгэ хьэлыр къеГъэльагъуэ хьэрып тхыдэдж Масуди. Ар топсэлъыхь «кэркэтхэр хьэлкIэ зэрыщагбэм», иджыри жеIэ: «Мыбдежым щылъ хэгъэгуэм абыхэм я цIыхухъухэм нэхърэ фэ нэхъ зытет, нэхъ нэгу зэхэлъыкIэ екIу, пкъы кьудан зиIэ яхэтхыжьы».

Пасэрей тхакIуэхэм зи гугъу ящI адыгэхэм я теплъэ екIуурэ цIыхугъэмрэ XIX лIэщIыгъуэм псэуа тхыдэджхэри топсэлъыхь. Абыхэми кэркэтхэм, иджырей адыгэ-шэрджэсхэм я адэжьхэм, далъаГъур ардыдэращ. Псалъэм и хьэтыркIэ, XIX лIэщIыгъуэм псэуа дзэ тхыдэджхэм ящыщу дзыхь нэхъ зыхуэпщI хъуну Броневский Семён «адыгэхэр гуапагъэ зихэлъ, гукъэкI зиIэ лъэпкъ акъылыфIэу, езыхэр жьэнахуэхэрэ шхэнрэ ефэнкIэ ирамыгъэлейуэ, ныбжьыгъуГъэр ягъэпэжу» щытауэ ятх.

Нэхъ гъэщIэгъуэныжщ пасэрейхэми иджырей тхыдэджхэми адыгэ-шэрджэсхэм я зауэлI Iэзагъым, абыхэм къызыкIуэх хахуагъымрэ IэкIуэльакIуагъымрэ теухуауэ къаIуэтэжэр. ХьэлкIэ щабэу, зэпIэзэрыту зэрыщыгъым къыдэкIуэу, адыгэлI щыпхъэ хахуэт, лIыгъэ хэлът, бийм щысхьыртэкъым. Куржы усакIуэ цIэрыIуэу Руставели Шота «Къаплъэнфэ зыщыгъ зекIуэлI» и поэмэм хэт лIыхъужьхэм ящыщу бийм хуэгъэза гущIэгъунщагъэрэ хуэдэмычыныгъэрэ зыдилъагъур *зыкъэм* и закъуэщ. Зыкъэзыпытым зымыдэ бийм теухуауэ адыгэхэр щэч зхэмылIу гущIэгъунщэт, щысхьи яIэтэкъым. Ауэ зыкъэзыпытхэмэ гъэр ящIэ, хэми ахэр зэрахущытыр нэгъэщIут. Тамбий Аслънбэч илъэситIкIэ гъэру иныГъа урыс офицеры (1836 - 1838) етхыж:«Пхъашэуэхъызэрысхущымытыным иужь итхэт, хьэщIэм кIэлъызэрахьа хабзэхэмкIи кьызбгъэдэт».

Пащтыкъыгъуэм и зауэлI тхыдэдж Дубровин-генералым и нэм ильагъур здихьын щимыщIэм, зыкъыумысынхуей хуэщ адыгэхэм зауэлI Iэзагъэр щэныфагъэр зэрадзыпхъуакIэ. «Хахуэу кьиГъэщIаэху зэрысабийрэ шынагъуэм пэщIэтын хьэл зиIэ адыгэхэм зыщщытхъужьымкIи егъэлеяуэ зыщадзей. Езым зэрихьа лIыгъэм адыгэр зэи тепсэлъыхьыкIыртэкъым, зэрыфIэемыкIым кьыхэкIыу, иГъэлуныр хущIэкъуртэкъым. Нэхъ щауэ хахуэ дыдэхэм шыIэныгъэ зауэлI Iэзагъэм, щауэ зэрахьа лIыгъэмкIэ замыгъэщIагъэуэ, тэджу яIэ кьэсыр яГъэтIысыкIи хьэзыркэу, зэдауэ гъэр кьэхъуами, я псалъэр пхагъэкIыным хущIэмыкъухэу. Ауэ, яГъэпудамэ, уафэхъуэпскIым хуэдэу Iэщэр кьапхъуатэрти, кIий-гуоуи, шхыди, гъэшыни Iэхъум кьыхэмыхьэу, кьуаншэм жэуап ирагъэтыжыр».

Зауэ губгъуэм адыгэм хахуагъ телъыджэ кьыщызыкъуихыр, и щхьэ зэребжьэуэфри нэрылъагъут. Абы жьы щIэтт, егъэлеяуи тэмакъкIыхьт. Ар и хэкум пхуемыГъэпцIыжьыну хуэпэжт, и лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэм щэч зыхъуи кьыртрихьэртэкъым. Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэм адыгэм и хьэлым хипщащ ар имыхьумэу зэрымыкъунур. Аращ адыгэ джэгуакIуэхэм дунейм кьытехьа сабийм тхьэ щыхуелъэIуIкIэ, «гъащIэ кIыхь Тхьэм уищI», «хэкур пхъымэжкIи Тхьэм уищI» жаIэу щIехъэхъэр.

Адыгэхэм зауэлI Iэзагъэ кьащIыдэгъуэгурыкIуэм щхьэусыгъуэ иIэщ. Абыхэм я адэжьхэм лIэщIыгъэ бжьыгъэкIэ алыджжэри, урымхэри, хьэзаркэри, тыркуэри, нэгъуэщI хамэщI зэрыпхъуакIуэхэри кьебГъэрыкIуэу щытащ. Абыхэм япэщIэтыху езы лъэпкъми и кьарум зиубгъуащ. Адыгэм щысабийм щегъэжьауэ и зауэлI Iэзагъэм хигъэхъуэным ирихулIэрт зыгъэпсэху имыIэу зихъумэжьын зэрыхуейм, хым зэрыпсэгъунэгъум и фIыгъэкIэ хьэдэлI Iэзэкэри кьаэхкIырт.

Журтэм я пащтыкъ Иродрэ император Августрэ я ныбжьэгъуу щыта, Дамаск щыщ Николай езыр хьэзыгъэIэбжь лъэпкъ гъэрэ я хабзэхэм я гугъу ищI пэтрэ, кэркэтхэм ятопсэлъыхь икIи жеIэ: «Зыгуэрым кхъуафэжькIэр зэригъакIуэурэ щыуэмэ, псори абы иоубжьытх».

Х лIэщIыгъуэм Кавказым щыIа хьэрып тхыдэдж Масудии щыхьэту кьоув адыгэхэм я адэжьхэр игъащIэ лъандэм лIыгъэрэ хы зекIуэкIэ щIэрыIуэу зэрыщытам, хьэпшыпхэр кьражашэкIыу Трапезунд нэс кIуэ-зэкIуэжу хы щIыIу зэрытетам.

Хыр зэрапэгъунэгъум адыгэхэм я экономикэ-щэнхабзэ зыужьыныгъэри иригъэфIекIуащ. Статумрэ хым щыхъунщIэнымрэ я фIыгъэкIэ абыхэм зыужьыныгъэкIэ езыхэм нэхърэ нэхъ жьжьэ кIуэта лъэпкъыжьхэр - алыджжэмрэ урымхэмрэ - зрагъэщIыхуащ. Статумрэ хым щыхъунщIэнымрэ зыщ адрейм кьыдэгъуэгурыкIуэу щытащ. Кхъухьым теуэ хъунщIакIуэм хамэ хьэпшыпхэмрэ гъэрхэмрэ А зыIэригъэхьэрти, ахэр Iуэзэ-Хьэфыщ!э Iуфэм Iут щыхьэрышхуэм щищэрт. СтатущIыр езыр хьытет хъунщIакIуэу арат а зэманым.

Адыгэхэм я адэжьхэр зыщIыщу щыта Iуэзэ-Хьэфыщ!э Iуфэ щыпсэу лъэпкъхэм, Страбон зэрыжиIэжымкIэ, альджьбзэкIэ «къэмэр»-кIэ зэджэ, цIыху 25 - 30 зэрыхуэ кхъухьэр зэрахуэрт. Апхуэдэ кхъухь бжьыГъэ гуэр екъэрти, хьэпшыпкIэ уэзда кхъуэхышхуэхэм ятеуэрт, ящIэнур ящIа нэужь, я кхъухьэр плIэкIэ ирахьэжьэрти, мэзым щагъэпщIужьыр.

Псыежжхэм, тенджызхэм я Iуфэм зэрыIусым къарит фейдэм и фIыгъэкIэ, адыгэхэр бдзэжьей ещаным, сатум, хым щыхъунщIэным хэпсэухыу щытащ, абы кьыхэкIыу, географием хащIыкIыу, хыдзэлI Iыгъэзджэхэу къэГъэгурыкIуащ. ЗауэлI Iэщ!агъэрэ жьэрыIэзагъкIэ щIэрыIуэу щыта урымхэм географием хащIыкIышхуэ щыIэтэкъым, ыз тетын Iэхуэ кIи куэд яхуэзфIэкIыртэкъым. Арати, Iуэзэ-Хьэфыщ!э Iуфэ деж щаубыда лъэпкъхэм я зэфIэкIхэр кьагъэщхьэпэу щытащ, псалъэм папщIэ, адыгэхэм. Iэщ!агъэущ адыгэхэм я Iэрыпуатэм хым хэх тхьэ гущ!э зэрыкэтыр, «русалкэ» жаIуэ!эм ещхьу къъзыфIагъэщIу. Псыхьэуэгущ!эм и щIыхькIэ хы Iуфэм уджышхуэ щащIу щытащ, абы иужькIэ псоми псы зытракIэрти загъэпскIыт.

Гурыуэгъэщ!эм илъэс мин бжьыгъэкIэ хы Iуфэм Iуса адыгэхэр хыдзэлI Iэзэу щымытынкIэ, геогрофием зымыщIыкIынкIэ Iэмал зэримыIар.

Пасэрей Iэщ!эр

Адыгэхэм я пасэрей Iэщ!эхэм ящыщт сэшхуэр, афэ джанэр, гъущI тажыр, фэмрэ гъущIымрэ кьыхэщIыкIа мэлуф, Иужькъ абыхэм кьаIэрыхьащ «закъуэрыуэ, иужькъ сэшхуэр кьызыкIэльащтэ щтачу фочыр». Адыгэм и Iэщэ-фащэр зыщIыку ебим зытригъапсэ хабзэр абы и лъакъуэхэрт, сыту жыпIэмэ, ахэрат нэхъ щIэмыхьумауэ кьанэр. Осетинхэм хьыбар гъэщIэгъуэн гъэр яхьумэ адыгэхэмрэ осетинхэмрэ «Арки Раг» жыхуаIэ щыпIыкIа зэрыщыщэзэуам теуауэрэ А зауэзэрыпIым хэтыху, хьыбарым кьызэриуэтэжьмкIэ, осетинхэр блэмыкIыуэ адыгэхэм фочышэкIэ еуэхэрт, ауэ зыри яхуещIэртэкъым. Арати, осетин гъэрым «иIэ, я лъакъуэхэм девгъауэ» жиIэри кьыхилъхьащ. Абы иужькIэщ адыгэхэм хэщIыныгъэ яГъэутын щIыщIадзар. ИтIанэми, осетинхэм текIуэн щIадза кьудейуэ, уэшхыхуэ кьеIэщ, я гъащIэ псыф ищIри, текIуэныгъэр адыгэхэм яхьауэ щытащ.

Щхьэрыгъ хъурыфэ пыIэ бэлацэм щегъэжьауэ лъейхэмкIэ иухыжу, зэманым декIуу зызыужьа адыгэм и Iэщэ-фащэр XIX лIэщIыгъуэм пэсэлпаэу шу зауэм хуэзэпэщ хъуат. Адыгэм и фочыр упщIэм кьыхэщIыкIа дохъуэтим илъу и пIэм идзат, напIэ дэхьеигъуэм кьурипхъэту. Фочым и къур апхуэдизкIэ зыхуей хуэзэауэщIати, щIууэ уэзрыжьэм хуэдизу, уэрыдырэ ууэзду, бгъаруэу, уи пIэм ебдзэкIыжьыну тыншт, сэшхуэр кьипхын хуэдэу.

Сэшхуэр бийм и псэр хуIуэзых, адыгэм нэхъыфI дыдэу илъагъу Iэщ!эрщ. Ар пхъэм е лъахъстэным кьыхэщIыкIа сампIэм илъ, убыдыпIэ зиIэ сэ кIыхьщ. АдыгэбзэкIэ зэреджэр «сэшхуэщ», нэгъэщIу жыпIэмэ, «сэ ин». Адыгэм и сэшхуэр жьакIэупсым ещхьу жанщ, ар зэрызэхъуфмэж Iэщ!экъым, бийм зэрегъэущ. Сэшхуэр зытехуэм я нэхъыбэр абы кьелыркъым. Адыгэ сэшхуэ пIэуэжьыгъуэхэм я нэхъыфIщ «гъурдэ», «дыгГъужь» жыхуаIэхэр. «Гъурдэ» жыхуаIэхэм хьэрыпыбзэкIэ тхыгъэ тет хабзэщ, «дыгГъужь» жыхуаIэм псэущхьэ щIэпхъуа тращIыхь. А лIэужьыгъуитIым щыщ сэшхуэхэр, щэч зэмылIу, фIы дыдэщ. Езы бгырысхэм Златоуст кьалэм щащIа Iэщ!экэр кьэхьфIу яIьагъурт.

АдыгэлI уэздам иджыри зы фочэщI е тIу иIыгъ хабзэт, зыпщIэхимыхыр и кьамэрт. Кавказым щащIа кьамэ нэхъыфI дыдэхэр зи Iэдакъэщ!экIыр Базалай жыхуаIэращ. IэкIуэльакIуэм Iэщ!эльэ кавказ Iэщэр - Iэщэ шынагъуэщ. Абы ищIа уIэгъэр щымыкIыжыр нэхъыбэщ.

Фочышэхэр пхъэм кьыхэщIыкIа гыныльэхэм ярылIу «хьэзыр» жыхуаIэ фэ бгъэгущталъэхэм ирагъэсырт.

Адыгэм и бгым ищIауэ кьрихьэкIыртэ щалъэ - Iэщэм щахуэ дагъэр зракIэ гъущI щталъэ зэбгъуэзнатIэ; фочым зэрызэпкърах Iэдэ; лъахъстэным кьыхэщIыкIа хъуржьи. Абыхэм зауэлIым Iэмал кьратырт шым кьемыхьу и Iэщэр зэригъэщIыжьыну. Шым кьепсэхьу бийм фочышэ тезыгъэпсэну хьэзыр адыгэм и дохъуэтим кIэрыщIауэ пхъэ быдэ лантIэм кьэхуэщIа зэпэбаш кьызэдрихьэкIырт.

Iэщ!э куэд кIэрыщIат адыгэм: кьамэ, фокIэщIитI, сэшхуэрэ фочрэ. Ауэ зы Iэщэр адрейм зэрэ хуэхъуртэкъым. Зыгуэр кьыкIэрылэу е Iэуэльауэу щыттэкъым, щхьэж здэщIылпхъэм деж зэрыщщылъым жэщтеуэ кIуэми гу кьылъамытэну Iэмал кьритырт.

Апхуэдэт кьэзылъагъуэхэр IэкIуэльакIуагъэрэ IэзагъкIэ зытхъэкъу адыгэхэм я зыуэздыкIэ кьызэрымыкIуэр. «Гъущ!эгъэнщ апхуэдизу Iэщэ зыкIэрыщIа зауэлIыр, - итхьыжьат Данилевский-тхыдэджжьм, - жану, жыджэру кьызэрыкIэр, и IэпкъльапэкIыр тыншу зэрызэрихьэр. Ауэ адыгэ IэкIуэльакIуагъэр зэрыплъагъуэу, уи фIэщ мэхъу а лъэпкъ пелуаныр мащIэу кьызэрыкIыщIыкIыр».

Адыгэхэм я дзэ нэхъыщхьэр шуудзэрт. Абыхэм я шууей Iэзагъыр пасэрей зэманым зэфIэувагъэнщ. Тхыдэджжэм зэратхъжымкIэ, иужькIэ адыгэ лъэпкъыр кьызытекIуIыжьа синдхэр ящхьэмкIэ цIэрыIуэу щытащ. Ауэ шы Iуэхум кьэбэрдей адыгэхэм я деж нэхъ лъагэ дыдэу зыщыщиужьар хуэгъэфэщащэ Х лIэщIыгъуэгъэр. Хъэзэрэхэр кьатегупIа нэужь, а зэманым адыгэхэм я Iыхьэшхуэрэ я лъапсэжьу щыта Iуэзэ-хы фIыцIэ Iуфэр ябгIэнэри, кьэрыкIыпIэмкIэ кIуэтэн хуей хъуахэт. Апхуэдэут ахэр кьызэрыщыхутар Кавказ Ищхъэрэ тафэщIым и кьухьэпIэ лъэныкъэм. Лъэпкъ куэд зэрымыса Кавказ Ищхъэрэ тафэщI хуитым адыгэхэм Iэмал кьарутащ бийм зэрыпэщIэувэфын шуудзэ щыщIэуи зэрагъэпэщыну.

ЗауэлI Iэщ!агъэм хэзыщIыкIэм зэтехуэу жаIэ къэбэрдей шуудзэм ефIэкI щымыIауэ. Къэбэрдейхэм ирахьэкI зауэлI ГъащIэм шым мыхьэнэшхуэ щиуфыбыду щытащ. Адыгэшыр уанэш къабзэт, шум щемыдаIуэ кьхуумыхуэу. ЗэпIэзэрыту, хьэфIым хуэдэу, зейм хуэпэжу, зауэ IэнатIэм зыхиудэ бзыльхъ псоми хуэзэпэщт ар. Адыгэшыр псыми мафIэми щыщтэркъым. Езы адыгэлIри зэрыльэкIкIэ и ныбжьэгъу пэжым йолIалIэ. Адыгэхэм яшхэм нал щIалъэхэртэкъым, шыгъэщIывкIэ кIэщIыуэрэ тэкъым, зи кIапэм фэм кьыхэщIыкIа бзэгу щIыкIу зыфIэлIэ щIопщ псыгъуэкIэ фIэкIаи еуэртэкъым, зыри хуамыгъэуэу, и теуэкIэм щIигъэIэн кьудейуэ. Адыгэхэм зэрыжаIэмкIэ, шым щIопщI хьэлъэкIэ е щыгъэщIывкIэ уэзрегуауэм иригъэш фIэкIа, щхьэпагъ закъуи кьишэркъым.

Адыгэ уанэр уанэ псынщIэщ. Абы шым и тхыр трихьэртэкъым, тхьэмахуэ бжьыгъэкIэ телъ хъуми. Теуэ кIуэным пIалъэ иIэу щIадзэрт адыгэхэм ящхэр зыхуей хуагъэзэн: мэкъу иратын щагъэтырт, тепIэн трапхъуэрти кьражэкIырт, махуэм зыбжанэрэ яГъэпскIырт. Апхуэдэу яГъэхъэзэра шыхэм махуэм верст 60 - 100 зэпачыфырт.

Бийм кьиуухъуреихь хъумэ, адыгэм и шыр иукIыжыртри, и фочыр зэпэбашим телъу, абы и кьуагъым кьэгъуэльэхьэрт, зы шэ кьэхуэмынэжьыу бийм еуэфын хуэдэу. Иужьреишэр иутIыпща нэужь, и фочри, и сэшхуэри икъутэрти, кьамэр Iэщ!эльу ажалым хуэкIуэрт. Абы фIыуэ ищIэрт кьамэр Iэщ!эльэхьу псэуэ зэрагъэрымыхьэнур, арат абы и гулъытэр зытримыгъэкIыр. Бийм псэуэу уIэрыхьэным нэхърэ нэхъ напэтех щымыIэу кьалъытэрти, апхуэдэ зэи кьагъэхъуртэкъым.

Адыгэхэм езыхэм я зэуэкIэ Iэмалхэр кьрахьэжьащ. Псом хуэмыдэу абыхэм гу зыщацуэ зэуэкIэр уафэхъуэпскIым хуэдэу щуудзэкIэ яхэльадэуэрэ сэшхуэкIэ зэрахэльэщIыхьырт. Ауэ гуп-гупурэ теуэ кIуэни я хьэпт. Щопщыр яIыгъыу бийхэм яхэльадэрти, нэсыным лъэбакъуэ тIощI хуэдиз иIэжу фочхэр дохъуэтим кьрапхъуэтэрти яГъауэрт. ИтIанэ ар я пIлэмкIэ зрадзэкIыжьыри, сэшхуэкIэ яхэльэщIыхьырт. Е шым зэрытесым хуэдэу кьикIуэтыж хуэдэу защIырти, жэрыжэм тету фочыр яуэздыжьырт. ЗауэзэрылIым хэт адыгэм и IэбэкIэр псынщIэщ икIи IэкIуэльакIуэщ.

Пльэсу адыгэхэр щызауэр бгыхэмрэ мэзхэмрэт. ЩIыпIэм кьуит фейдэр егъэлеяуэ Iэ!эу кьагъэсэбэпыфырт адыгэхэм, жыгым е мывэ кьуагъым кьыщыкъуэкIым дже ахэр блэуклIыгтэкъым, зэбгъэрыкIуахэм тIэкIу зрагъэпсыкIыным, щIым кьыхэжам ещхьу, я пащхьэм кьихутэрти, дунейкъутэкIыр кьыхуагъакIуэрт. Бийр щикIуэтым деж, щысхь ямыIэу кIэлъеIэрти, зэтрагъкIэрт. Адыгэхэр зэрызауэ хабзэр губгъуэ зэуэкIэуэт. Зэрымыщ!эжкIэ гуп цIыкIу-цIыкIуурэ зэратеуэм абыхэм ехъулIэныгъэ нэхъыбэ ящаритырт, зэуэ гупышхуэу щебгъэрыкIуэм нэхърэ. Яшхэр яутIыпщIати, зыщIыпIэ деж махуэ псом зыщагъэпсэхунт. Жэщым шэсынти, бийм щыщ щыхьэту щхьэжьэ щабзэ зэрахьэрт, иужькIэ фоч, фочIэщIэхэр кьежьащ. Щ!алэгъуалэр ящыщ нэщанэ еуэныр. Щ!алэгъуалэр джэгум хэтыну кьыщыкIуу нысашэ махуэм щауэм и нэм нэщанэ щагъэуэрт. Ар метр 25 - 30 зи лъагагъэ бжэгъум трагъэзагъэрт. Бжэгъум и щхьэкIэ псыгъуэм мелкIэ е фIамыщIкIэ нагъыщ!а щыкIу тращIыхьырт. Бжэгъум и кIапIэ псыгъуэщ дзгъэзеяуэ жыгым е щауэм и уэнжьжьым кIэращIэрти, еуэн щIадзэрт. Абдежым кьрихьэлIа дэтхэнэ зыри хуитт а зэхьэзэхуэм хыхьэну. Тезыгъэхуэфыж псори кьехъуэхъурт, щауэм кьыббгъэдэкIыу нэхъжьхэм ират хабзэ махъхьамэ, дэлэн хуэдэ тыгъэжэр кьыIэрыхьэрт.

Тыгъэ хъэзылэжь нэщанэуапIэхэр адыгэхэм гуауэм епха дауэдапщэхэми кьыщызыкъуахьэрт. Апхуэдэхэм дунейм ехьжам и щыгъынкэр тыгъэу щагъэшырт.

Шыгъажэ зэпеуэхэри щыкуэдт адыгэхэм я деж. Абыхэм ящыщт зауэм хэкIуэда е пасэу дунейм ехьжа лIыхъужьхым и цIэкIэ зэхаублэ шыгъажэхэр. Абыхэм хагъэхьэрт илъэс 12 - 14 зи ныбжь щIалэ щIыкIухэр, шы 20 - 30-м нэс кьыззэдагъажэрт, гъуэгум и кIыхьагъкIи зэщхьэщыкIырт ахэр. Шыхъуэхэм ящхэр шыгъажэр зрикIуэну гъуэгум и кIыхьагъкIэ хьэзыру трагъашэрт. Шур кIиину, фиину, IэгукIэ шым теуIуэну хуитт, ауэ щIопщ кьигъэщхьэпэныр ядэрэтэкъым.

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкIэ, адыгэхэм пасэ дыдэ зэманкэм «гладиатор зэуэкIэ» зыфIаща, щIыхушхуэ кьахэпIэу пелуанхэр щызэрагъэбэн зэхьэзэхуэхэр яIагъэнщ. Абыхэм я лъэужь щщорхьэпIэ адыгэ хъыбарыжьхэм. Апхуэдэ бэнакIуэ зэпеуэ Лабэ Iуфэ хуэзэ Псыкупс кьуажэм щекIуэкIауэ кьызыхуэ таурыхъ щыIэщ. А кьуажэм щыщхэм «бгырыс дыгъужькIэ» еджэхэрт. ЩIыхуэхэр зэхэту гъэр ящIа гуэр жыгым ирапхырти, езым зэран хуэмыхъун хуэдэу, ихъуреягъкIэ щэхэр щагъэфийрт, ар «къурш дыгъужьхэм» я зэш зэрагъэгъуэ зэхьэзэхуэхэм ят.

Ауэ нэхъыфI дыдэу «къурш дыгъужьхэм» яIагъэ зэхьэзэхуэр «шы мыгъасэм» пеуэныр. Зэхьэзэхуэм папщIэ удзыпщIэ хуитышхуэ кьыхахьэрт, еплъыныхэр ихъуреягъкIэ кьетIысэкIырт. Утыкум шы мыгъасэ зэрутIыпщхьэрт, абы и ужьым иту гъэру яубыда бзылъхугъэ утыкум кьращэрт. Шэхум хуэдэу и фэр пыкIауэ щыхуэбзым зэм зымкIэ, зэм адрейм кьэзидзырт. Щэнейфэ утыкур кьэзыжьыхьыфар хуит ящIыжьырт. Ауэ псэууэ а «лIэныгъэм и утыкум» кьикIыжьыфаIауэ хьыбар щыIэкъым.

Адыгэхэм мывэдз зэпеуи яIащ. Щ!алэгъуалэр кьуажэбгъуэм деж щызэхуэсырти, мывэшхуэхэр, пудитI-щы зи хьэлъагъэхэр дэнэ нэс ядэыфми еплъэрт. ТекIуэр жьхь жьыжь зыдзарат.

Ауэ нэхъ бэнакIэ щIэрыIуэ дыдэр щIыку тIурытIурэ зэбэнкIрт. Абы сабийхэр зэрыщIыкIуэр ирагъасэрт.

Iэмал щхьэхуэхэр зиIэж бгырыс бэнакIэм IэкIуэльакIуагъым нэхърэ кьарум мыхьэнэ нэхъ щратырт. Мывэ дзынри зэбэнынри щIалэгъуалэм и кьарум зезыгъэужь Iэмалхэм ят.

Адыгэ цIыхубэм уи цIэр фIыкIэ зэращIхэбгъэIуэфынур хахуагъ, лIыгъэт, псэемыблэжьныгъэт. ЛIыгъэрэ хахуагърэ кьэзыгъэльэгъуэ щIалэм уэрэдзэр хуаусыри, абы и цIэр хэти ищIэрт. Зауэм лIыгъэ зэрыщIэзэри-хьэм нэмыщI, утыкум псалъэ щызэIэтыф цIыху жьакIуэм адыгэхэр «Лакъуэбзэгу», нэгъуэщIу жыпIэмэ, «бэм и бзэ» хужаIэрт. «ЛIакъуэбзэгу» зыхужебгъэIэныр адыгэхэм я щытхъуэхэм я нэхъ лъагэт.

Шынэкэрабгъэхэр псоми я ауант. Абыхэм пщащэхэми дэкIуэн ядэртэкъым. ЩIалагъэм, бжьыфIагъым, беягъым щхьэкIэ адыгэ пщащэхэм кьыпхуащIэнур мащIэт, а псор зыбгъэдэлъым пщIэ имыIэмэ. Псэлъхъуэ кьыщыхикIи, адыгэ зыщIэжбзым зи щхьэщым тхъугъэ хидза лIыхъужь нэхъ кьишэтэнут «зыдаэмыжж» шынэкъэрабгъэ нэхърэ.

КОКИЕВ Георгий,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Мэскуу дэт университетым и профессор.
1954 гъэ

Профессор Кокиев Георгий

Франц Рубо. **Адыгэхэр зауэм Iуохьэ.**

● Шхыныгъуэхэр

Пщагъэ зыхэлъ щIакъуэ

Гуэдз хьэжыгъэм джэдыкIэ хакъутэ, пщагъэрэ шыгъурэ зыхэлъ псы хуабэ хакIэри тхьэвыр япщ. Абы и щхьэм хьэжыгъэ трагъэщащэ, хуабапIэм ягъэуври, сыхьэтитI хуэдэкIэ щагъэт. Тхьэв тэджар тIэкIу щIапщэ, дагъэ зыщIыхуэ тебэм иралъхьэ, дакъикъ 5 - 6-кIэ щагъэтри, хьэкулъэм ирагъэувэ. Абы ито ягъажьэ щIакъуэм и тебащхьэр трапIэркъым. МафIэм тетмэ, и тебащхьэр трапIэ, зы лъэныкъуэр жьа иужьи зэрагъэдзэкI. Хьэкулъэм иту ягъажьэр дакъикъ 15 - 18-кIэ хьэзыр мэхъу. ЩIакъуэр жьа иужькIэ тхъуэпIэ дахэ мэхъу. Абы и щхьэфэм псы щIыIэ тIэкIу щахуэри, щIэуфауэ дакъикъэ зытIыкIэ щагъэт, щабэ хъун щхьэкIэ.

Халъхьэхэр:
Гуэдз хьэжыгъэ - г 500
Псыэ - г 250-рэ
Пщагъэ - г 15
ДжэдыкIэ - 1
Шыгъуу, фошыгъуу, тебэщыхуэ тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

Хьэлыуэ-къылыш

Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр тепщэчышхуэм ирауху анщIэри, кумб хуащI, абы джэдыкIэ уда, шыгъу, фошыгъу иралъхьэ, пщагъэ хакIэри, шэ хуабэкIэ япщ мыбыдэ дыдэу, тэджын щхьэкIэ и щхьэм хьыдан тепIауэ зы сыхьэткIэ щагъэт. Iэнэм сэхуран дагъэ щахуэр, тхьэв Iыхьэ къыпаупщIри, зэпэллIмэшхуэу е хьурейуэ, и Iувагъыр мм 4 - 5 хьууэ яху, абы тхьэв хъурей пIащIэ цIыкIухэр, я къэлыр см 5 хуэдизуэ хъыхагъэж. Ахэр тIэкIу хаш, тэрхьэлыуэ тыкъыр (г 15) трапIыж, тхьэв кIапэхэр кхъуафэжьей цIыкIу теплъэ яIэу зэтрагъапщIэ. Алхуэдэу ягъэхьэзыра хьэлыуэ-къылышыр тIэкIу ягъэтэджыну хуабанIэм дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. ИтIанэ, градуси 150 - 160-рэ зи пщтыргъ дагъэм халъхьэри, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ, лэкъымым хуэдэу дыщафэ къытеуэху. Абы и гъэжьэным ихьыр зы дакъикъэ нэблагъэщ. Хьэлыуэр фошыгъу шей и гъусэу хуабэуи щIыIэуи яшх.

Халъхьэхэр:
Гуэдз хьэжыгъэ - г 200
ДжэдыкIэ щIынзу - 2
Пщагъэ - г 5
Фошыгъуу - г 10
Пщагъэм хакIэ шэуэ - г 20
КIапэхэр зэрызэкIэрагъапщIэ джэдыкIэ цIынэу - 1
Тэрхьэлыуэ - г 120-рэ
Шыгъуу, зэрагъэжьэну тхъууэ е сэхуран дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ДифI догъэтхапIэ

Кавказ Ищхьэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым къыщрахьэжьэ Iуэхухэм я нэхъыбэм и жэрдэмщIакIуэщ икIи и къыззэгъэпэщакIуэщ сурэтым щыфлъагъу бзыльхугъэ гуакIуэр. Ар а еджапIэ нэхъыщхьэм гуманитар, социально-экономикэ щIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм илъэс куэд лъандэрэ и унафэщI, культурологие щIэныгъэхэм я кандидат, профессор ЩауэцIыкIу (Хьэмыз) Людмилэщ.

КъБР-м ерыгъэжьыгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЩауэцIыкIур илъэс 30-м щIигъуауэ щолажьэ институтым. Этикэ, эстетикэ, хамэ къэрал, урыс литературэ предметхэмкIэ студентхэр зэрыригъаджэм къыдэкIуэу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр ирегъэкIуэкI.

Къэшыгъэмыщ1ауэ, Людмилэ и къалэмыпэм къыпыкIащ художественнэ тхыгъэхэри. Куэдым гунэс ящыхъуащ, къапщтэмэ, �щауэцIыкIум и иужьрей тхылъыр - «Черкесская рапсодия» романыр. ЩIэныгъэ лэжьакIуэ емыззэшым, публицист Iэзэм, бзылъхугъэ щыпхъэм и романым къыщIэтэ Iуэхугъуэхэр куэд мэхъу: ахэр епхащ къулыкъущIэкъуэхэм яIэ еплъыкIэхэми, екъуIэныгъэм щIат «уасэми», дахагъэми, лъагъуныгъэми, къулеигъэми, къулейсызыгъэми, щхьэ закъуэ гупсысэхэми, цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэми. Критик цIэрыIуэхэм къызэралъытэмкIэ, ар лъэпкъ литературэм и псалъэщIащ.

● ГушыIэхэр

Дауэ ар къызэрохъулIэр?

ХеящIэр ягъэкъуаншэм йоупщI:
- Уи щхьэгъусэм зэрыжиIэмкIэ, ар зэпымычу уогъэшынэ, лъэщыгъэкIэ зыбогъэдаIуэ! Дыззхуэдэ цIыхухъущ, си къуэш, кхъыIэ, къызжеIэ: дауэ ар къызэрохъулIэр?

Жьыр къыспеуфыд

Дохутырым деж зы нанэ цIыкIу щIыхьауэ хуотхъэусыхэ:
- Жьыр къыспеуфыд, зыгуэр къысхуэпщIэфыну пIэрэ?
Дохутырым нанэр къызэпеплъыхь, йодаIуэ, арщхьэкIэ апхуэдэ узыфэ пкърыту къыхуэгъуэтыркъыми, йоупщI:
- Сытыми щыгъуэ бауэкIэщI ущыхъур, нанэ?
- Автобусым сыщыкIэлъыжкъэм деж.

Зызупсащ сэ

- Иджыри къэс зыщIымыупсар сыт?! Ныщхьэбэ театрым дыззрикIуэр пщыгъупщэжа? - жери и щхьэгъусэм жьэхолъэ цIыхубзыр.
- Зызупсащ сэ!
- Дапщэщ?!
- Уэ зыгъэхьэзырым щыщIэбдзам щыгъуэ.

● Чэнджэщхэр

Лыр къызэрагъэвыжыр

♦ Шатэкlэ ящIа шыпсыр щIэх зокIуэкIри, куэдрэ щыбгъэт хъунукъым.
♦ ЩIэ щагъэвжжкIэ бэлагъкIэ зэIащIэркъым, бэлагъыпэр песыкIри. ЗэрызэIыщIэн хуейр чымчыркIэщ.
♦ Жьэрымэу ягъэу лэкъымыр хъурейуэ яху кабзэщ. Дунейм и ехьжам а лэкъымым и жьауэм щIэт хуэдэу къыщохъури, и псэр мэтынш, жаIэрт нэхъыжьхэм.
♦ Къаз, бабыщ дагъэ гъэткIуар мафIэм иса щыфэм щыпхуэмэ мэхъуж.
♦ ГъэтIылъыгъэ ящIу ягъэувэ кхъуейм и шэжьыпсыр и щхьэм къыдэкIуейрэ кхъуейр и лъабжьэм кIуэмэ - уэшх къешыхнущ, кхъуейр и щхьэм къакIуэрэ шэжьыпсыр и лъабжьэм ехмэ - уэгъу хъунущ жаIэу щытащ.
♦ Лэпс пщтыр уефауэ псы щIыIэ утефыкъыжьну тэмэмкъым. Ныбэуэ уищIынущ.
♦ Лы щтар псым (хуабэми щIыIэми) халъхьэу къагъэвыжыркъым - и Iэфlыр щIокI.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Къуажэхьхэр

ЦIыкIуэхэм папщIэ

Ар къоушыр псом нэхъапэ,
Имытхьэщ1 абы и напэр,
Къытоувэри лъагапIэм,
Пщэдджыжь къэскIэ ину маIуэ!

* * *

Бжьакъуэ папцIэщ, жьакIэ кIыхьщ,
Iэщу дэтым я пащтыхьщ.
Шы мыгъасэу къелъэтыхь,
Хадэ утэщ, сыт бэлыхь.

* * *

Бжьыхьи гъатхи щIыр елъэс,
Жьым къыдожэ, мыш-мылъэс.

* * *

И инагъкIэ хъуркъым бжьиз,
Елъэф хьэлъэ къэб хуэдиз.

* * *

И хэщIапIэр шэд псыIуфэщ,
И щыгъынри удзыфэщ.
Мапкlэ, малъэ - дэни нос,
И нэр пIащэщ, Iэзэу йос.

ЖЭУАПХЭР:

Адаягъэ. Лжэжь. Хъух. ХъумпIэцIатIэ. ХъэнцIыфхуэдагъуэ.

● Псалъэ пэжхэр

Пэжым и гъуэгур бгъуэщ

♦ Дыщэпс здэплъэгъуакIэ уи къуажэ умыхъуэж.
♦ Захуагъэм бэлыхь пэщылъкъым.
♦ Захуэ жьIэныр нэ ищIныным хуэдэщ.
♦ Захуэм хабзэр и телъхьщ.
♦ Зэманым декIур лIыфIщ.
♦ Зэманым зэщIщхъу имыщIыж щыIэкъым.
♦ Зэманым пэлъэща щыIэкъым.
♦ Зэманым къыдекIу къегъэщIыж.
♦ Зэманым нэхъ щыщIыжзгъэуфI щыIэкъым.
♦ Зэманым уэ зыдумыгъэхъумэ, езым зыкъыбдигъэхъунукъым. Зэманыр бажэмэ, уэ хьэджафэу кIэлъыжэ.
♦ Зэманыр къожьэркъым.
♦ Зэманыр псомэ я тепщэщ.
♦ Зэманыр пфIэзыхьым ейщ.
♦ Зэманыр техьэ-текIщ.
♦ Зэманыр уэчылыфIщ, хэт пэжми зэхегъэкI.
♦ Зи дахэ пэIэщIэр илъэскIэ магъри, зи хэку пэIэщIэм и гъащIэ псор хьэдагъэщ.
♦ Зи лъэпкъ хьIфIэзыдзэм и дзэр къыIууд.
♦ ЩIщI имысыр убзалэщ.
♦ Зи лъэпкъ хьIфIэзыдзэр биидзэм зрешалIэ.
♦ Зи хэку щхьэщымыжьым и насыпыр йож.
♦ Зы пэжым пцIищэ къыпэщытщ.
♦ Зы цIыху къобгмэ, уи бгым ишэчынщ, цIыхубэр къобгмэ, бгыр къыптеуэнщ.
♦ ИндылыжькIэ зэджэр зы псынащ-хьэщ.
♦ И пIэ иуджыхьыр йокIэрэхъуэхри, бжьиз нэхъ мыхъуми зыкIур мэкIуатэ.
♦ Истамбыльскым имыкIыр щIолIэ, икIар йолIыхь. *(Уэкъуоу джэгуакIуэшхуэм и псалъэхэщ).*
♦ Къуажэ-къуажэ нэхърэ-си куэдрэ.
♦ Къуажэр зыгъэхьэхуэгъэ цIыхуращ.
♦ Пэжагъэр зыщцызыгъэгъэ хуэфIщ.
♦ Пэж жыIэнрэ нэ ищIынрэ.
♦ Пэж щыжыпIэкIэ, уи шыр хьэзыру Iыгъ.
♦ Пэжым езым и гъуэгу хешыж.
♦ Пэжми мафIэми ириджэгуркъым.
♦ Пэжым и гъуэгур бгъуэщ.
♦ Пэжым и куэщI лIэужь лъэщ щапсыхь.
♦ Пэжым и псалъэр хабзэм и щIасэщ.
♦ Пэжым нэхъ жэр щыIэкъым.
♦ Пэжымрэ насыпымрэ зэпэщIэщIащ.
♦ Пэжымрэ насыпымрэ зэгуэшэгъущ.
♦ Пэжымрэ нэпцIымрэ яку дэлъыр Iэбжьыщщ.
♦ Пэжым уригушыIэнри, мафIэм ириджэгунри зэхуэдэщ.
♦ Пэжым утетмэ, жьыжь уехь.
♦ Пэжыр акъылым щыщщ.

ШЭРДЖЭС Алий.

● Интернетым дыкъыщоджэ

ЦIыхубз псоми я щэхур

Еуэри зы уэркъыжь гуэрым къуищ иIэт. Щыри фызкъэмышэт. «ЦIыхубзхэр зыхуейримрэ зыщIэхъуэпсымрэ къэзыхутэм си мылъкур зэрыщыту къыхуэзгъэнэнущ», - жиIащ адэм. ЩIалэхэр ежьащ цIыхубзыр зыхуейм и жэуап къагъуэтыну. Мазэ бжьыгъэкIэ къакIухьауэ, щIалэ нэхъыщIэр мэзым щIэту уд фызыжь ирихьэлIащ. ЩIалэр игъэхьэщIащ, игъэшхащ, иужьым кьеупщIащ:
- Сыт уэркъ щауэм уи захуэ мэзым щIипщIэр? - жиIэри.
ЩIалэр къыщIежьар хуиIуэтащ удым.
- Уэ пщIэрэ, ди анэ, цIыхубзхэр зыхуейр?
- СощIэ! - и нэр кьилыдыкIащ.
- КхъыIэ, къызжеIэ! - лъэIуащ щIалэ къуданыр.
- Бжесlэнщ, ауэ абы щхьэкIэ щхьэгъусэу сыкъэпшэнущ.
Щауэр гупсысэщ, гупсысэри, арэзы хуащ.
- ЦIыхубзхэр щIохьуэпс езыхэр зэрыхуейм хуэдэу псори сыт щыгъуи щыту.
- ГурыIуэгъуэщ. АтIэ, сэ сежьэжынщ, мыпхуэдэ махуэм фызышэр къыпкIэлъыкIуэнущи, къэзыру щIыс, - жиIэри, щIалэр шэсыжащ.
ЩIалэм ихьа жэуапым уэрхъыжьыр арэзы ищIати, и пщыгъэури, и мылъкури и къуэ нэхъыщIэм къритащ, фызышэри щIом кIэлъигъэкIуащ. НысащIэр къыщашам щIалэр къэуIэбжьат - абы нэхърэ нэхъ дахэ дунейм темыт жыхуаIэм хуэдэу тхъэIухуд хъуати. Псоми ягъэщIагъэрт щауэм щхьэгъусэу къыхуашам и дахагъэр. ХьэгъуэлIыгъэр зэфIэкIри, щауэр лэгъунэм щIыхьэжащ. НысащIэр уд хъужжау къежьэу щыст.
- Иджы со зы упщIэ уэстынущи, къызэдаIуэ, - жиIащ. Хэдэ, ухуейимэ игъащIэ псокIэ нобэ сыкъызэрыпсэлъэм хуэдэу дахэу сыщцытынщ, ухуейимэ, уду сыкъэзэнщ.
- Уэ узэрыхуейм хуэдэу щы! - жэуап итащ щIалэм.
- ЦIыхубзхэр дзыхуейр къыбгурыIуащи, дахэ сыхъужынщ, - жиIащ жи удым.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 4**. Iэпслъэпсым щащ. **6**. Таурыхъэм хэт шы лъэрызехьэ: щыхуейм деж мэпсалъэф икIи мэлъэтэф. **7**. ЩIалэр ... куцIрэ фо цIынэкIэ япIащ. **9**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюз Iэхущ1апIэ нэхъыщхьэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа ... Пщыкъан. **10**. Зэрыпыджж пасэрей Iэщэ. **11**. Iэщ щIыкIу егъэзыпIэ. **13**. УэрэджьыакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **14**. ... мыкъу уврэ, ... къуэ зигъэщхьрэ? **16**. Iужажэм и унафэщIым ... трегъэльадз. **18**. ... Iистофрилэхь! **21**. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, критик ХьэкIуащэ Андрей и къуажэ. **22**. Къэрэшей-Шэрджэсым щIопсэу лъэпкъ нэхъыщхьэм тхъум яIыхэз. **23**. Расул Гамзатовым жиIэгъащ: «Зауэм щауэтIыпща дэтхэнэ зы шэри анэм и гум ...» **26**. Район, псыежэх, къалэ. **27**. Латвиеем и къалащхьэ. **28**. ГъукIэм и лъэщапIэ. **30**. Зи пхъафэр щхъуафэ-фIыщIафэ, зи тхьэмпэ цIыкIуэр къабзийм ещхь, зи гъэгъахэм бжьым фо къызэпих жыг. **31**. ... мэракIуэ. **33**. ЩIымахуэм Iэщым хуагъэтIылъ шхыныгъуэ. **34**. Ди гъунэгъум лэхь! **21**. Филологие щIэныщэм щыщ щIыIутелъ. **37**. Хьэцэпэцэ щаIуэкIэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу ар кхъыщIокI. **39**. Вакъэ лъапщэ кIыхь.

***Къехьу*:** 1. Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунистхэм я пашэ. **2**. ХьуаскIэ кхъызыих мывэ джей быдз. **3**. Жьыг къэтIэпIам и нэщэнэ. **5**. ... цIыкIу къамэшхуэ. **6**. Къыдалъхуауэ, цIыхум и щIыфэм хэс, хэт. **8**. Адыгэ къэкIыпщгъэцIэхэр зэхуэзыхьэсыжу тхылъу кхъызыхуагъэкIыжа, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа щIэныгъэлI ... Барэсбий. **10**. «Ленэ дахэкIей», «Хэт усIэщиха?», «Ечэнджэщ уи напэм» уэрадхэми, нагъэщI куэдми я псалъэхэр зи Iэдакъэщ1экI уэрэдус цIэрыIуэ, тхакIуэ. **12**. ЩхьэкъущIкIуэ. **13**. Щхьэнджыкъуакъуэ жьилэ. **15**. IуэрыIуатэм къыхэщыж пасэрей адыгэ лIыхъужь. Е Iуэ-тIыж Борис и пьесэ. **17**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь и артисткэ ... Быхуэ. **18**. Къуаншагъэ зылэжьа цIыхум судым ... трилъхьащ. **19**. ..., ..., щIопсэлъэщIэжь. **20**. Уи щхьэ мыузыи ... иумышэкI. **24**. Адыгэ усакIуэ Iэзэ, «Iащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэу щыта. **25**. Блыным зэпрыууэ тралъхьэ пхъэ гъум кIыхь, унащхьэр щIыIыгъэу. **29**. ... наIуэ. **30**. Махъсымэ щащIкIэ халъхьэ пщагъэ. **32**. ДжэдыкIэрыпщ. **33**. ЦIыхум ещхьу жыхуаIэ а псэущхьэр мэзым щыпсэууэ яIуатэ. **36**. ... вы бжьакъуэм къокI. **38**. Зыщыщынэн имыщIалъымэ, а псэущхьэр Iуащхьэм докI.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Жэп. **3**. Хьэлу. **5**. Бэкъуэ. **6**. КъармэкъэбIэ. **9**. Гъбжэ. **10**. Мест. **11**. ПIатъэ. **15**. Ерэнды. **17**. Шыр. **18**. Дыху. **19**. Ичынды. **22**. Пщае. **24**. Брул. **26**. Къупхъэ. **27**. Лъакъуэрыгъажэ. **28**. Блэ. **29**. Срым. **30**. Мэз.

Къехьу: **2**. Пщагъэ. **3**. Хьэмэм. **4**. УнэIут. **5**. Билал. **7**. Пубж. **8**. Бгъэ. **12**. Берие. **13**. Шыдым. **14**. Пшэ. **16**. Шхуэ. **20**. Пщы. **21**. Пхъы. **23**. Езауэ. **24**. Бжьэхуц. **25**. Лагъым. **26**. Къуажэм.

● ГъэщIэгъуэнщ

Уафэм вагъуэбэ 48-рэ щыIэщ

Тхыгъэ щхьэхуэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, 1858 - 1865 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэм ирашу Тыркум цIыху мин 493-рэ Iэпхъуащ. Абыхэм ящыщу 45.023-р натыхъуейщ, 27.337-р абазэхэщ, 165.626-р шапсыгъщ, 74.567-р убыхщ, 17.000-р къэбэрдей адыгэщ.

* * *

Ди зэманым цIыху мин къэс автомобиль бжьыгъэу хуэзэр: США-м - 760-рэ, Италием - 575-рэ, Японием - 557-рэ, Германием - 536-рэ, Канадэм - 539-рэ, Франджым - 535-рэ, Индж1ылызым - 517-рэ, Бельгием - 478-рэ, Испанием - 451-рэ, Швецием - 449-рэ, Урысей Федерацэм - 234-рэ. ЦIыху мин къэс тещIыхьауэ машинэ нэхъ мащIэ дыдэ щызекIуэр Китаймрэ Индиемрэщ, ипэм 8, етIуанэм 6. Дуней псор зэрыщыту къапщтэмэ, цIыху миным щыIыхуозэ автомашини 114-рэ. Абы тепщIыхьмэ, нобэ ЩIы хъуейм щызэкIуэ автомобиль мелуан 707-м нэс.

* * *

Испан тхакIуэшхуэ Сервантес Саведрэрэ инджылыз драматург щIэрыIуэ Шекспир Уильямрэ зы махуэм - 1616 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м - дунейм ехьажащ.

* * *

Зы километр зэбгъузэнатIэм цIыхуу щопсэу: Урысейм - 6, США-м - 42-рэ, Японием - 289-рэ, Инджылыбэм - 241-рэ, Франджым - 112-рэ, Китаймэ - 152-рэ, Бразилием - 19, Индием - 303-рэ, Италием - 189-рэ, Австралием - тIум тIэкIу щIигъу, Германием - 230-рэ, Израильым - 284-рэ, Индонезием - 108-рэ, Иорданием - 71-рэ, Пакистаным - 186-рэ, Сирием - 83-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - 72-рэ, Адыгэ Республикэм - 59-рэ, Дагъыстэным - 49-рэ, Ингушым - 78-рэ, Къалмыкъым - плIы иримыкIу, Къэрэшей-Шэрджэсым - 31-рэ, Осетие Ищхьэрэ - Аланием - 88-рэ, Шэшэн Республикэм - 82-рэ.

* * *

Алыдж астрономхэм къызэрахутамкIэ, уафэм вагъуэбэ 48-рэ щыIэщ. Ауэ абыхэм я ужькIи нэгъуэщI астрономхэм вагъуэбэ 40 къагъэтащ. А щыкIэхэмкIэ, нобэ кьахутауэ уафэм вагъуэбэ 88-рэ щыIэщ. Вагъуэбэхэм яхэтщ гъэм и лъэхъэнэ хэхахэм деж фIэкIа уафэм щумыльагъуэхр. Иджыри къамыхутфауэ нэгъуэщI вагъуэбэхэри щыIэнкIи хъуну къалъытэ щIэныгъэлIхэм.

* * *

Зи Iэпкъльэпкъыр нэхъ хуэбэ дыдэр джэдыщ - гриздж 43-рэ. Абы кIэлъокIуэ тхъэрыкъуэр, бзу щыкIуэр - градус 42-рэ. Гуэгушым, къазым, бабыщым, жьындум, къашыргъэм я хуабагъэр зэхуэдизщ - градус 40 - 41-рэ. Iэщ пIащэм, мэлым, хьэм, джэдум - 37 - 39-рэ яIыгъщ. ЦIыхур, номинир, шыдыр, шыр, пылыр зэрызэщхьащкI щыIэкъым - градус 35 - 38-рэ.

* * *

ЦIыхуэзр ику иту зэрыпсэуэр: Японием цIыхуэхуэзр ику иту илъэс 77,9-кIэ, цIыхубзхэр - 85,1-кIэ; Швецием - 77,6 - 82,6-кIэ; Испаниеи - 75,9 - 82,8-кIэ; Австралием - 76,4 - 82,0-кIэ; Канадэм - 76,7 - 81,9-кIэ; Швейцариеи - 75,9 - 82,3-кIэ; Франджым - 75,2 - 82,8-кIэ; Норвегием - 76,0 - 81,9-кIэ; Бельгием - 75,7 - 81,9-кIэ; Италием - 75,5 - 81,9-кIэ; Австриеи - 75,4 - 81,5-кIэ щопсэу. Урысей Федерацэм цIыхум ику иту къыщигъащIэр илъэс 67,7-рэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэжрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм щэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
12+

Мы къыдэкIыгъуэм елажьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтэхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуэдэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 1.912● Заказ №772